

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tin ahasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan nyoko kana data, wanda, adegan, jeung ma'na gramatikal frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung. Data frasa éksoséntrik anu kapanggih aya 960 frasa.

Kadua, wanda frasa éksoséntrik anu kapaluruh dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung aya dua, nyaéta (1) frasa diréktif jeung (2) frasa rélatif. Data nu kapaluruh aya 733 frasa nu kagolong kana frasa diréktif, jeung aya 227 frasa anu kagolong kana frasa rélatif. Hartina dina artikel siswa leuwih réa ngagunakeun frasa diréktif.

Katilu, adegan frasa éksoséntrik dina artikel siswa kapaluruh aya 52 pola, nyaéta 47 pola adegan frasa diréktif jeung lima pola adegan frasa rélatif. Pola adegan dina frasa diréktif di antarana: Pola (1) Fdir → Kpang *antara* + Kx/Fx miboga tilu sub pola nyaéta Pola (1a) Fdir → Kpang *antara* + KB/FB, Pola (1b) Fdir → Kpang *antara* + KBil/Fbil, jeung Pola (1c) Fdir → Kpang *antara* + KBil – *tepi ka* + Fbil; Pola (2) Fdir → Kpang *di* + KB/FB; Pola (3) Fdir → Kpang *dina* + Kx/Fx anu miboga tilu sub pola nyaéta Pola (3a) Fdir → Kpang *dina* + KB/FB, Pola (3b) Fdir → Kpang *dina* + KP/FP, jeung Pola (3c) Fdir → Kpang *dina* + FB – *tepi ka* + KB; Pola (4) Fdir → Kpang *jeung* + KB/FB; Pola (5) Fdir → Kpang *ka* + KB/FB; Pola (6) Fdir → Kpang *kalawan* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (6a) Fdir → Kpang *kalawan* + KB/FB, jeung Pola (6b) Fdir → Kpang *kalawan* + KP/FP; Pola (7) Fdir → Kpang *kalayan* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (7a) Fdir → Kpang *kalayan* + KB/FB jeung Pola (7b) Fdir → Kpang *kalayan* + Fbil; Pola (8) Fdir → Kpang *kana* + Kx/Fx anu miboga dua sub

pola nyaéta Pola (8a) Fdir → Kpang *kana* + KB/FB jeung Pola (8b) Fdir → Kpang *kana* + Fbil; Pola (9) Fdir → Kpang *kawas* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (9a) Fdir → Kpang *kawas* + KB/FB jeung Pola (9b) Fdir → Kpang *kawas* + FP; Pola (10) Fdir → Kpang *keur* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (10a) Fdir → Kpang *keur* + KB/FB jeung Pola (10b) Fdir → Kpang *keur* + KP/FP; Pola (11) Fdir → Kpang *ku* + Kx/Fx anu miboga tilu sub pola nyaéta Pola (11a) Fdir → Kpang *ku* + KB/FB, Pola (11b) Fdir → Kpang *ku* + KP/FP, jeung Pola (11c) Fdir → Kpang *ku* + Fbil; Pola (12) Fdir → Kpang *ku alatan* + KB; Pola (13) Fdir → Kpang *ku sabab* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (13a) Fdir → Kpang *ku sabab* + KB/FB jeung Pola (13b) Fdir → Kpang *ku sabab* + FP; Pola (14) Fdir → Kpang *lantaran* + FB; Pola (15) Fdir → Kpang *lian ti* + FB; Pola (16) Fdir → Kpang *nepi ka* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (16a) Fdir → Kpang *nepi ka* + KB/FB jeung Pola (16b) Fdir → Kpang *nepi ka* + KP/FP; Pola (17) Fdir → Kpang *ngeunaan* + FB; Pola (18) Fdir → Kpang *pikeun* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (18a) Fdir → Kpang *pikeun* + KB/FB jeung Pola (18b) Fdir → Kpang *pikeun* + KP/FP; Pola (19) Fdir → Kpang *sabab* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (19a) Fdir → Kpang *sabab* + KB/FB jeung Pola (19b) Fdir → Kpang *sabab* + FP; Pola (20) Fdir → Kpang *sacara* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (20a) Fdir → Kpang *sacara* + KP/FP jeung Pola (20b) Fdir → Kpang *sacara* + KS; Pola (21) Fdir → Kpang *sajaba ti* + KB; Pola (23) Fdir → Kpang *salian ti* + Kx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (23a) Fdir → Kpang *salian ti* + KB jeung Pola (23b) Fdir → Kpang *salian ti* + KP; Pola (24) Fdir → Kpang *sangkan* + FB; Pola (25) Fdir → Kpang *jiga/siga* + KB/FB; Pola (26) Fdir → Kpang *ti* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (26a) Fdir → Kpang *ti* + KB/FB jeung Pola (26b) Fdir → Kpang *ti* + Fbil; Pola (27) Fdir → Kpang *ti batan* + KB; Pola (28) Fdir → Kpang *tina* + Kx/Fx anu miboga dua sub pola nyaéta Pola (28a) Fdir → Kpang *tina* + KB/FB jeung Pola (28b) Fdir → Kpang *tina* + KP/FP. Dumasar kana hasil analisis katitén yén adegan frasa diréktif anu réa digunakeun dina artikel siswa nyaéta adegan frasa diréktif pola (11a) Fdir → Kpang *ku* + KB/FB. Anapon pola adegan frasa rélatif aya lima pola di antarana: Pola (1) FRél → KSan

Si+ KB; Pola (2) FRél → Krél (*a*)nu + Kx/Fx anu miboga opat pola nyaéta Pola (2a) FRél → KRél (*a*)nu + KB/FB, Pola (2b) FRél → KRél (*a*)nu + KS/FS, Pola (2c) FRél → KRél (*a*)nu + KP/FP, jeung Pola (2d) FRél → KRél (*a*)nu + Fbil. Dumasar kana hasil analisis katitén yén adegan frasa rélatif anu réa digunakeun dina artikel siswa nyaéta adegan frasa rélatif pola (2c) Frél → Krél + KP/FP.

Kaopat, ma'na gramatikal frasa éksoséntrik anu kapaluruh dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung aya 18 nyaéta (1) pakakas, (2) alesan/sabab, (3) antara, (4) asal, (5) wates pungkas, (6) perkara, (7) cara, (8) babandingan, (9) pangrandap, (10) pamareng/pangbarung, (11) tujuan, (12) pangiwal, (13) palaku, (14) perenahna/tempat, (15) arah, (16) ahir, (17) panangtu, jeung (18) milik. Data nu kapaluruh réa miboga ma'na gramatikal 'perenahna/tempat', hartina dina artikel siswa leuwih réa frasa anu ngagunakeun kecap pangantét *di* jeung *dina*.

## 5.2 Implikasi

Ayana ieu panalungtikeun dipiharep bisa nambahan sarta ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang sintaksis, hususna ngeunaan frasa éksoséntrik. Dina kagiatan nulis ogé maca, hususna pikeun siswa ieu panalungtikan bisa méré déskripsi ogé ngabeungharan pangaweruh basa Sunda boh dina nulis boh dina maca.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan anu geus dipedar di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu aya patalina jeung panalungtikan anu ditétélakeun ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung. Ku kituna, masih perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan frasa sarta sumber data nu leuwih lega sangkan bisa ngukur sakumaha kamampuh siswa dina nulis ngagunakeun basa Sunda anu bener.

Kadua, sanajan geus réa panalungtikan ngeunaan frasa, tapi tiori nu digunakeun kurang teleb. Ku kituna, dipiharep pikeun panalungtikan séjén

sangkan bisa nalungtik ngagunakeun tiori-tiori séjén atawa dikolaborasikeun jeung tiori anu geus nyampak.